bu ngeen ko gisee woorleen, bu ngeen ko gisee worileen, bu muuroo ci yeen nangeen ko nattale

Jële nañu ci Abdullah Ibn Umar yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne: dégg naa Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «bu ngeen ko gisee woorleen, bu ngeen ko gisee worileen, bu muuroo ci yeen nangeen ko nattale».
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day leeral ne màndargam duggug weeru koor ak génnam, mu wax ne: bu ngeen gisee weeru koor wi woorleen, bu aw niir doxee seen diggante ak moom mu muuru ci yéen; nangeen lim fanweeri fan ñeel weeru Baraxlu wi, bu ngeen gisee weeru Kori gi worileen, bu aw niir doxee seen diggante ak moom mu muuru ci yéen; nangeen lim fanweeri fan ñeel weeru Koor gi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4549